

Mizajou nan admisyon lekòl segondè? - Enskripsyon ak egzamen SHSAT

Chè fanmi,

Byenveni yon lòt fwa nan lekòl! Tout elèv ki nan klas 8yèm ane ak sa ki nan 9yèm ane pou premye fwa ki abite nan Vil Nouyòk ka aplike pou lekòl segondè ak pran egzamen ak / oswa fè odisyon pou lekòl segondè espesyalize pandan ane lekòl 2021-2022 a. Nan mitan mwa oktòb la, ou pral jwenn lèt byenveni pitit ou a ak detay sou kòman ou kapab jwenn aksè nan kont MySchools ou epi patisipe.

MIZAJOU SHSAT

Jodi a, nou gen enfòmasyon ki pi resan pou elèv ki enterese aplike nan nenpòt / tout uit [Lekòl Segondè Espesyalize](#) ki bay egzamen yo. Ou aplike nan lekòl sa yo lè ou enskri pou ak pran egzamen admisyon lekòl segondè espesyalize yo (SHSAT); yo fè òf yo dapre nòt SHSAT chak elèv, preferans lekòl yo, ak plas ki disponib. Men sa pou fè, kilè:

- **Prepare.** Enfòmasyon detaye sou egzamen yo, echantiyon egzamen yo, ak enfòmasyon sou akomodasyon pou egzamen yo disponib [sou sitwèb nou an](#).
- **Enskri.** Enskripsyon ap ouvri nan mitan mwa oktòb 2021. Dat espesifik enskripsyon yo ap vini pa lwen!
- **Egzamen.** Tout elèv ki enskri ap pran egzamen SHSAT a an desanm 2021. Lè dat espesifik egzamen yo ak lòt enfòmasyon vin disponib, n ap voye yon mizajou.

RETE BRANCHE! PLIS MIZAJOU AP VINI PA LWEN, LADAN...

- Kilè pou voye aplikasyon lekòl segondè ou a, fason pou aplike pou pifò nan 700+ opsyon pwogram vil la.
- Kilè ak kijan pou enskri nan pwogram lekòl Fiorello H. LaGuardia High School of Music & Art and Performing Arts, lekòl segondè espesyalize NYC ki fè odisyon yo, ki itilize yon pwosesis admisyon separe.
- Ki jan pou fè odisyon pou pwogram art nan lekòl segondè atravè vil la, ladan LaGuardia.

KISA POU FÈ KOUNYE A

- Ale nan schools.nyc.gov/High ak nan schools.nyc.gov/SHS pou jwenn dènye enfòmasyon yo ak pou gade yon seri videyo pou konnen kòman pou patisipe nan admisyon lekòl segondè. Pou enfòmasyon ki pi detaye, li [Gid admisyon lekòl segondè ak lekòl segondè espesyalize](#) ane pase a ki sou entènèt. Tanpri sonje y ap mete kèk resous ak enfòmasyon ajou otòn sa a pou reflekte nenpòt chanjman pou admisyon 2022.
- Kòmanse chèche opsyon pwogram lekòl segondè nan [Anyè lekòl segondè MySchools.nyc](#) a. Ou pa bezwen log in ni kreye yon kont pou itilize anyè sou entènèt la!

Ou gen kesyon? Pale avèk konseye pedagogik lekòl pitit ou a oswa voye yon imèl nan HSEnrollment@schools.nyc.gov.

- Si se yon zanmi ki te transmèt ou imèl sa a, [enskri pou resevwa mizajou sou admisyon alavni](#).
- **Ou pap aplike nan lekòl segondè ane sa a?** [Klike la a pou pa resevwa imèl ankò](#) alavni.

Mèsi,

Ekip admisyon lekòl segondè a
Biwo enskripsyon elèv